


NOKUTENDA, MOSESI

 Maita henyu, Hama Neville. Mangwanani akanaka, shamwari. Zvakanaka kuva pano nhasi mutabhenakeri. Zvino ndafunga kuti kana ndikagona kuti Hama Neville vagotaura mangwanani ano, ndaizoyedza manheru ano. Zvino ndanga ndiri kutarisa ndiri kumashure kuchidzidzo che Sunday school kuitira mangwanani ano. Zvino chakadini...Ishe vachitendera, tichaedza ku—kuva nechidzidzo che Sunday school ichi.

² Zvino, ava mavhiki maviri zvino, kuda, kubvira zvandauya. Uye handina kugadzikana kwazvo sekunzwisisa kwamakaita, kuti, pamunda wekuvhangeri, ndakanyatsa, kunyatsorukutika zvekuti ndakanga ndisisakwanisi kuenderera mberi. Zvino ndakatozouya kuti ndizozorora zvishoma. Zvino ndakatora mazuva anenge matatu zasi kuWolf Creek Dam, zasi kuKentucky, uko kwandakaberekerwa. Ndakafunga, “Oh, ndiri kungonzwa zvakanaka zvino. Ndiri kunzwa zvakanaka.”

³ Zvino ndakadzoka kumba, uye chinhu chekutanga chakanditambira muchiso chaiva chimwe chine chekuita nehurumende nemari yemutero. Ndakabva ndaderera kusvika pasi chaipo zvakare. Saka ndakacherechedza kuti zvichanditorera nguva inodarika vhiki kana mbiri kuti ndizorore.

⁴ Zvino shumiro yangu yave kugadzirira kuita shanduko zvino. Uye handina misangano yakarongwa. Uye ndicho chikonzero ndakaita sokuenda parutivi, ndokufunga, zvino kwemavhiki mashoma anotevera, ndichangotizororei, zororo rakakwana, ndomirira panaShe.

⁵ Zvino vazhinji venyu vanhu vari muno, vekare, vagara nesu kwenguva refu, munorangarira izvo Mwari vakataura kwatiri, Vakagara vachiita izvo zvaVakataura kuti Vaizoita.

⁶ Rangarirai, paya pakutanga, muchechi muno, mangwanani atakaisa dombo retabhenakeri, kuti iVo...Zvakanyorwa, zviri mukati medombo, papeji yekuseri yeBhaibheri rangu. Mangwanani iwayo, chiratidzo chikuru chiya, chakati, “Iyi haisi tabhenakeri yako.”

⁷ Ndikati, “Iri kupiko, Ishe?” Vakandigadzika pasi pedenga. Zvino Inzwi rakauya. Ndakatarisa ndokuona michinjikwa iya mitatu, sezvakaita, miti nemichero yayo, nezvakadaro. Munoziva zviri chiratidzo chacho. Chakanyorwa, kwemakore.

⁸ Ndichinhonga, rimwe zuva, bhuku tsaru kumusoro uko, ndichiverenga zvimwe zvinhu izvo Ishe vakanga vataura, zvakafanotaurwa; zvakatoitika. Pamusoro pezvevechidiki, uye

pamusoro pekuti hondo yaizouya sei, nezvinhu zviya zvese zvakaitika.

⁹ Zvinongova zvinhu zviviri zvasara, mune chimwe chezviporofita zvikuru zviya. Zvinova, kuti pave nemotokari pamugwagwa dzinofamba dzisina mutyairi, ichiratidzika kunge zai, kungoti chete hauityaire. Inozvityaira. Uye zvadaro pachava nemudzimai mukuru achasimuka, nekuti America inyika yechidzimai. Uye icha... Mudzimai ane simba achasimuka, ozova Mutungamiri wenyika kana chimwewo chinhu chakadaro, munyika. Uye zvadaro pachauya kuparadzwa zvachose. Nyika yese ichaparadzwa zvachose.

¹⁰ Uye, kuti, ndakafanotaura... Zvino izvi havasi Ishe vari kutaura izvi. (Zviya, pamusoro pemudzimai, izvozvo, ndiShe.) Asi ndakafanotaura, muna 1933, kuti nyika yaizoparara '77 isati yasvika.

¹¹ Saka, handina kuziva kareko kuti vaiva nechimwe chinhu chinogona kuiparadza sechavainacho zvino, asi ndakaona nyika yaparadzwa zvachose, kwangosara, zvigutswa zvemiti nezvakadaro.

¹² Saka, zviri munzira yazvo. Zvino kana zvimwe zvinhu zvese izvi zvakaitika sekungotaura kwaVakaita, izvo zvichadarowo; uye sekungotaura kwaVakaita muRugwaro pano, zvaVakataura. Kana Kristu akauya kekutanga, Achauya kechipiri. Uye zvinhu zvese zvaAkataura zvichaitika. Zvino tiri kuona izvi, uye tichiziva kuti...nhamba yedu yava kuda kudaidzirwa zvino, senyika, tichiziva kuti Kereke yave kuda kupinda paKubvutwa kwaYo. Zvinodenha moyo wemushumiri, kana munhu upi zvake muungano, kuziva kuti tiri muzuva rino nenguva yatiri kurarama. Inguva hurusa yati yamboramwa nemunhu upi zvake panyika, ndeiye zvino; zvinova, kuKereke. Saka, ndinoshuvira minamoto yenyu zvirokwasvo.

¹³ Uye zvino ndinoona mutabhenakeri, uye ndinoona kuti vaiva...vanga vachizova nekusarudzwa zvakare nezvese, muchechi, kuitira vamwe vebhodhi nezvakadaro.

¹⁴ Zvino—zvino kereke yanga ichida kumusangano kadiki, kakuzunguzwa zvisihoma. Zvino makagara muine tsiye nyoro kwandiri, nekundiropafadza. Uye nokuva kwangu pano, zvinoita sekunge chaiva chiropafadzo kwamuri. Uye ndine chokwadi, kuva nemi, chava chiropafadzo kwandiri. Zvino makagara muchigamuchira zvandinotaura kuva Chokwadi, sokuona kwandinozviita kubudikidza naMwari. Uye ndi—ndinozviyemura.

¹⁵ Saka zvadaro, ndakatanga kupinda, zvino ndaifanira kuzoona, nekuita kuti kereke yedu ipinde mugwara, mumabhodhi ayo, uye kuitira kusarudzwa nezvakadaro. Uye zvadaro—zvadaro, ndakafunga, mushure mazvo, ndakabuda

ndokuwana kuzorora kushoma ndisati ndadzokera kushumiro zvakare.

¹⁶ Zvichengetei pakati penyu. Zvino, hazvisi zvevanhu vekunze. Ndezvetabhenakeri ino. Tinoda musangano netabhenakeri ino, kuitira kuti zvinhu zvese, nekukanganisa kwese, zvinhu zvese zvanga zvichiitika, kunyangwe manzwiwo madiki kubva kune mumwe nemumwe; izvozvo, ndiri kuzitora chimwe nechimwe chazvo ndoita kuti zvitarisane. Saka kana usingade kutarisana nazvo, zviri nane ubude munyika; nokuti uri kuzosangana nechimwe-nechimwe chazvo, sezvataisiita pano patabhenakeri. Uye zvose zviri kuzogadziriswa, nokuti tiri hama nehanzvadzi dzakadya chirairo, Mutumbi waKristu, patafura yemaropafadzo. Zvino hapana chimwe asi dhiyabhorosi ndiye anoita chinhu chose chinenge chakaipa, nekukonzeresa manzwiwo, kana kudamburana, kana chero chinhu chakadaro. Zvino ndiri kuzitora Hama Neville vedu, uye tiri kuenda kubva panzvimbo kuenda pane imwe, tounza vanhu kune vanhu, pamwe chete, kusvikira tabhenakeri yakare yadzoka, yamira zvakare, patsoka dzayo, kuenderera mberi kuitira Humambo hwaMwari. Zvino, ichi, chikonzero sei ndataura izvi, ndechekuti tine boka redu duku pano mangwanani ano.

¹⁷ Uye zvino ndave kuenda kunowana kuzorora, ndodzoka nekukurumidza kwangingaita. Zvadaro ndinotarisa kuenda kuminda zvakare. Zvino nguva ino, Ishe vachitendera, ndinoda kutora zvisihoma izvo zvatakaunganidza pamari, nezvakadaro, zvangu, kunze mu...hurongwa uhwu hwekuvhangera kunze kwenyika. Ndozvivanira tende itsva, nezvekushandisa zvitsva, ndotanga kuvhangera. Kwete kucheche imwe neimwe, asi kuenda kumisangano yedu.

¹⁸ Zvino, kwete kuti handisi kucherechedza hama dzakandikoka, zvinova zvakaisvonaka. Asi kazhinji kacho, unoono kuti makonivhenisheni aya, vanoti uchazovapo, zvino shamwari dzako dzese dzouya, zvadaro pane kushambadzirwa dukuru kwemari. Zvinongokwekweta vanhu ivavo. Ndichangobva mukuzviona, munoono. Saka izvozvo—izvozvo hazvina kunaka. Tinoda kuwana nzvimbo yatinokwanisa kuvaunza. Haufanire kuunza mari yako. Chingouya, pachako, u—uzoshumira Ishe. Maona? Uye saka zvino...

¹⁹ Zvino shumiro yangu yatora shanduko iye zvino. Muchiri kurangarira pandaisitora ruoko rwemunhu, ndongomirapo, uye Ishe vaizondiudza zvainge zviri dambudziko ravo. Akati, “Zvadaro pachazosvika nguva, yauchaziva zvakavanzika zviri mumoyo yevanhu.” Mumwe nemumwe wenyu munoziva kuti zvakatoitika chaizvo sezvaRakataura. Zvino iyi yave nhano inotevera, yakaporofitwa nekufanotaurwa, ichange

yakapfuurira imwe yaRo nekure, munoona. Zvino iri kutoshanduka iye zvino.

²⁰ Zvino ndicho chikonzero Satani andirwisa nemari yemutero, achiedza kundiudza, hurumende, kuti ndinofanira kubhadhara mutero pane kobiri rese randakatambira, semushumiri, kubvira makore makumi maviri nemanomwe apfuura, pandakapinda mushumiro. Handizvo, nokuti yakapfuura nemukereke muno.

²¹ Ndiri mutirastii wekereke ino. Ndizvozvo chaizvo. Zviri pamagwaro pano. Saka, zvadaro, kana ndiri mutirastii mubati wehomwe wekereke ino, zvino hapana chinhu panyika... Hurumende hainei nechekuita nazvo. Havasi kubvunza kereke. Vari kundibvunzurudza nekuti ndini mubati wehomwe wekereke. Zvino matirastii akasaina bepa riri kubhangi uko, kuti mari yangu yese...Panzvimbo yekuti ndive nebato rangu ndega, ndakazviisa nemukereke yangu pano, nekuti pachayo itongori bato, zvakadaro.

²² Zvino kuita izvozvo, zvinondibatsira kuti ndisatize kubva pakereke nokuiisiya, ndichibuda kunze ndisina zvandiri pano. Mushure mekunge ndavimbisa vanhu kuti ndaizodzoka kukereke, nguva nenguva, nekuzovabatsira. Ndicho chikonzera ndakazvichengeta zvakadaro, nokuti ndakaita vimbiso kwamuri vanhu. Ndokusaka ndinogara ndakazviita nenzira iyoyo, panzvimbo pekuva nemunhu mumwe chete. Zvadaro, ukaita izvozvo, zvinozvikandira musangano. Zvino ini ndinonyatsa kupesana nesangano. Saka ndi—ndichazvichengeta nenzira yazviri, mumaoko aMwari, kuitira kuti tikwanise kufambira mberi kuitira Humambo hwaMwari.

²³ Zvino, mangwanani ano, tinoda kunzvera Shoko iri rakaropafadzwa rakare, tigotenda.

²⁴ Zvino, ndinoda kutiwo, zvakare...Ndiri kuona Hama Egan nevakawanda, vamwe vematirastii vagere muno, mushure mekunge tava nemusangano wedu wematirastii, umwe usiku; ichokwadi, ndinozvireva pachena pamberi pekereke, kuti mumwe nemumwe wenyu mese hamuchisiri ma—matirastii akaiswa panzvimbo. Muri matirastii akasarudzwa, uye zita renyu riri mumabhuku. Ndizvozvo.

²⁵ Uye zvino vari kuzova nekumweze kusarudzwa kwe—kwemadhikoni, nezvakadaro. Zvino Hama Neville ndivo, vachange vachidanira ivavo shumiro ino ichingopera, zvakana, uye kuitira mubati wehomwe nezvakadaro, patiri kugadzirisa kereke. Zvibatei, nhangaruvanze dzose, dzigadzirirwe, zvadaro tinokwanisa kuwana rumutsiriro parwunouya.

²⁶ Zvino, tisati tavhura mapeji pano, kuitira chidzidzo chedu cheSunday school, kuShoko rino guru raMwari mupenyu, ngatingokotamisai misoro yedu, kwenguva pfupi, patiri kutaura neMunyorori weBhuku rino. Zvino isai parutivi pfungwa

yese, chinhu chese chinopesana, chinokudzivisa kuti uwane ropafadzo.

Ngatinamatei.

²⁷ Mwari vatsvene vakaisvorurama, tinouya zvino muHupo hweNyu hwakaropafadzwa hwakayereswa, tichipira kwaMuri hupenyu hwedu, nemweya ye—yedu, nemitumbi yedu, nekushumira kwedu, nezvipa zvedu. Uye zvese zvatiinazvo, tinozvipira kwaMuri. Uye paMuri kutarisa kwatiri, Ishe, kana paine chivi chiri kuoneka chisina kureururwa, tinoKukumbirai, O Ishe Mwari, kuti Mugoisa Ropa reMwanakomana weNyu, Jesu, kunzvimbo yakadai. Nokuti, tichicherechedza kuti isu pachedu hatikwanise, uye naizvozvo hazvigoneki kuti isu tizombokwanisa kuzviriritira. Asi tinongozembera bedzi zvizere paRopa raKe rinokosha, nenyasha dzaKe kuisa patiri, kuitira kuti isu vatadzi vasingakodzeri tigokwanisa kuuya takashinga rimwe zuva muHupo hweNyu, tichiunza mberi kwedu Ropa iri raIshe Jesu. Rinova, iMi, munguva dzakare, ramakacherechedza kuva Ropa reMwanakomana weNyu mumwe chete, ndokuita vimbiso, yokuti, “Kubudikidza naYe, kana tikareurura zvivi zvedu, ticharuramiswa nenyasha dzaKe.”

²⁸ Uye zvino tinokumbira, Ishe, kuti Mugotiregererawo mhosho ipi zvayo, chivi chipi zvacho chekukanganisa kana kusiidzira, kudarika, kuti kana paine chero pfungwa yakaipa ipi zvayo yabaya moyo wedu, nemuseve une ukasha wadhiyabhorosi, kuti mugobvisira kure muvengi mukuru uyu weNyu, newevanhu veNyu.

²⁹ Zvino tinokumbira kuti Mugotumira Mweya Mutsvene kuti ugobata Shoko panguva ino, patiri kuzvipira semidziyo, kuti iMi mugotaura kubudikidza nesu, nekunzwa nematiri, Shoko reNyu. Uye zvino dai naizvozvowo isu taRigamuchira kubva kwaMuri, tobva panzvimbo ino, nhasi, tichinzwa kuti tadzoreredzwa kuchinangwa chaKristu; kuti tinge takafanira zviri nane kuitira shumiro yemanheru ano nemangwana, nokuda kwekushanyirwa neMweya Mutsvene.

³⁰ Ropafadzai hama dzedu kwese-kwese, machechi akatenderera pasi rese, vakabatirira paShoko reHupenyu muzuva rino rakaipa. Tinonzwa kuti hapachisina nguva yakareba yekushanda basa, nokuti usiku huri kuuya nokuchimbidza. Makore ehondo ava kusimuka zvakare. Kuipa kwasvika, zvino tinonamata kuti Muchatirega tichishanda sezvatisati tamboita. Zorodzai mitumbi yedu yakaneta, Ishe, mutidzosere mukurwa. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raIshe Jesu, uye nokuda kwaKe tinonamata. Amenii.

³¹ Patiri kuvhura, mangwanani ano, Bhaibheri, kune chi—chitsauko 11 cheBhuku revaHebheru.

³² Chitatu manheru taitaura nezvechitsauko 7 cheBhuku yevaHebheru, pamusoro pa “Merkizedheki, asina baba, uye asina amai, asina mavambo emazuva, kana magumo ehupenyu.”

³³ Zvino ndakafunga, zvichida, mangwanani ano, zvingange zvakafanira kuvhura zvakare Bhuku iri rakaisvonaka, sezvo tiine nhangaruvanze kune zvatiri kuda kutaura, mune zvatakamboverenga. Zvino tichachirika chitsauko 10, nechitsauko 9, inova mirawu yekupirisa, tinoda kusvika panzvimbo ine “kutenda.” Zvino pano muBhuku revaHebheru, chitsauko 11, uye tichitanga ne ndima 23, tinoRiverenga sezvizvi:

Nekutenda Mosesi, pakuberekwa kwake, akavanzwa nevabereki vake mwedzi mitatu, nokuti vakaona kuti wakanga ari mwana wakanaka; uye havana kutya murairo wamambo.

Nokutenda Mosesi, akura, wakaramba kunzi mwanakomana wemukunda waFarao;

Akati zvirinani kuitirwa zvakaipa pamwe chete nevanhu vaMwari, pakufarira zviivi nguva duku;

Akati kuzvidzwa kwaKristu ipfuma huru kukupfuma kwese kweEgipita: . . . nokuti wakatarira mubairo.

Nokutenda wakabva Egipita, asingatyi kutsamwa kwamambo: nokuti wakatsungirira, semunhu anoona iye asingaonekwi.

³⁴ Ndinoda kutora musoro wenyaya, mangwanani ano, “kusarudza nekutenda.” Uye ndinoda kutora sechidzidzo, mashoko matatu ekutanga echitsauko 23, “*Nokutenda, Mosesi.*” Zvino, “kusarudza nekutenda,” potse chinhu chese chatinoita, tinofanira kusarudza nekutenda. Uye zvese zvatinoona kuti Mosesi wakaita, zvakafanira kudzokororwa, zvaiva nekutenda; kwete nezvinooneka, asi nekutenda.

³⁵ Zvino chikonzero ndasarudza izvi mangwanani ano, kuitira kereke muchinhano chino, yanga iri mune yedu. . . kunyange zvikoro zvedu, nekwakapoteredza, takava nedzidziso yakawanda yezvesainzi. Nokuda kweizvi, takabvisa vanhu kubva pakutenda. Zvino, kutenda hakuratidzirwe nesainzi. Kutenda ndeizvo zvisingaonekwe nesainzi. Uye isu. . . Kana tikangorasikirwa nekutenda uku kukuru, zvadaro tiri murima zvachose, izvo. . . hazvina basa kuti takafunda zvakadini, tingagona sei kutsanangura Shoko raMwari, kuti ripindirane nenzira yedu pachedu yekutenda.

³⁶ Hapana imwe nzira yekumbofadza Mwari, kunze kwekutenda bedzi. Rugwaro rwunonyatsa kuzvitaure nenzira iyoyo, uye zvinoitwa nekutenda. “Zvino kana pasina kutenda,” zvinoreva Rugwaro, “hazvibviri kufadza Mwari.”

³⁷ Saka, kana kutenda kuchipesana nesainzi, uye sainzi ichipesana nekutenda, zvinozviiisa zvese pa—pamangange, zvadaro tinofanirwa kutora sarudzo sezvakaita Mosesi. Nekutenda tinotenda!

³⁸ Zvino, kana tikarasikirwa nekutenda, zvadaro hatimbobvira tawana munamato unopindurwa naMwari. “Nokuti uyo anouya kuna Mwari anofanira kutanga atenda kuti ndiYe, uye mupi wemugove kune avo vanoMutsvaka nemwoyo wose.” Saka, kana tikarasikirwa nekutenda, minamato yedu inorambwa; hapana kwatinosvika.

³⁹ Saka ndizvo zvega zvatinogona kufunga nezvazvo, mangwanani ano, kubatirira pakutenda. Zvadaro, kana tikarasikirwa nekutenda, tarisiro dzedu dzinoenda. Uye kana tikarasikirwa nekutenda, mazvirokwazvo edu epamweya anoshaikwa. Nokuti, haugone kuva nekutenda mune zvinhu zvaunoona, nokuti zvinhu zvaunoona zvinoparara.

⁴⁰ Kana tikatarisa kune mumwe munhu mukuru, mushumiri mukuru, kana ungoro huru, vose vachaparara, rimwe zuva. Uye kana tikatarisa nyika huru, kana chimwe chombo chikuru, zvose zvichaparara, rimwe zuva. Uye zvadaro tinofanira kurarama nekutenda, kwezvinhu izvo zvisingakwanise kuratidzwa nesainzi. Kutenda ndiko kunoita kuti titende.

⁴¹ Zvino, tinorasikirwa nekubwinya kwedu kana tikashaya kutenda. Zvino, kana tikabva pakutenda, zvino tinopinza kereke muchiero chekushandisa njere.

⁴² Zvino nguva dzakawanda, zvaifungidzirwa, pakati pevanhu, kuti nekuti ungoro yakakura, uye vaiva nemakereke mahombe, zviruvi zvikuru, nevanhu vakuru, vakawanda vanopfeka zvakanaka uye vakashambidzika, nemari yakawanda, zvekuti vanokwanisa kuwana zvakadaro, isu, kazhinji, taifunga kuti zvinosimudzira, kuti kereke iyi inofanira kunge yakafemerwa. Kana, taiwanza kunongedza kuvashumiri vakasiyana-siyana vanoenda kunze kunoshumira uye vaine mhomho yevanhu muungano dzavo, zvino tofunga, dzimwe nguva, kuti zviratidzo zvekufemerwa. Asi handicho chokwadi chose. Kufemerwa kwevanhu.

⁴³ Asi kufemerwa kwemazvirokwazvo kunouya nekuita kuda kwaMwari. Maona? Angave mumwe chete, kana vashomanane. Ingave kereke hombe, kana kereke diki, hazvina basa. Angave mutauri mukuru, akatsetseka, kana munhuwo zvake asingazive maABC ake, hazvina basa. Zvinoenderana nekuti mharidzo yaari kuunza, kuti yakafemerwa neShoko raMwari here, kana kuti, yakafemerwa nenjere dzemafungiro ekufemerwa kwevanhu?

⁴⁴ Vamwe vanhu vanogona kufemerwa nekuda kwemunhu anotaura zvakatsetseka. Izvozo hazvizviiti kuti zviru izvo. Dzimwe nguva vanofemerwa nokuti munhu wacho

akaisvodzidza zvekuti anonyatsa kugona kuunza pfungwa yake. Hazvirevi kuti ndezvaMwari. Maona?

⁴⁵ Zvinongokwanisika bedzi kubudikidza neShoko raMwari rinogara nekusingaperi, rakaropafadzwa remunaZiendanakuenda, kuti tigamuchire kufemerwa, uye kunopiwa neMweya Mutsvene. Nekutenda tinokugamuchira.

⁴⁶ Zvino taigona kufunga pamusoro paMosesi, nenguva huru iyi yehupenyu hwake. Uye tinoverenga kumashure, pamusoro pekuberekwa kwake, kuti Mwari vaiva nehanyan'a pamusoro pake zvakadini, asi pakasvika nguva muhupenyu hwaMosesi apo paaifanira kuva nenguva yekusarudza. Kana tikaverenga zvakanaka, tinoona kuti aiva mwanakomana wemukunda waFarao, uye aizogara nhaka yeutongi, uye aizova farao anotevera muEgipita. Saka aicherechedza paaitarisa kwakapoteredza, mushure mekunge akura uye abva zera, uye paiva nevaranda vaye vachishanda maikanywa madhaka. Zvino Mosesi, paaitarisa nemumafafitera emuzinda, pavaranda vamwe chete vaitariswa naFarao, asi paiva nemusiyano wakadini pakutarisa kwacho.

⁴⁷ Ndinoda kuisa nheyo papfungwa iyoyo, mangwanani ano, kwemaminiti mashoma, uye dai Mwari veKudenga vaisvitsa pakadzika pemoyo wese pano. Maonero aunoita chinhu chipi zvacho, anopa musiyano.

⁴⁸ Muvhangeri mukuru, John Sprawl, aiva akatendeuka pashumiro yeHama Bosworth, uyo vakawanda venyu wamunorangarira makore apfuura, weOld Glory Barn. Akati, rimwe zuva aiva parwendo, mudiwa wake anovawo mudzimai wake asati afa. Vaiva kuLa Salle, Lorraine, France. Zvino ndakava nemukana wekushanyira nzvimbo imwe cheteyo. Zvino mutungamiri akanga ari kufamba navo nemumagadheni, nekuvaratidza zvinhu zvakasiyana-siyana. Zvino vakasvika pane chimwe chivezwa chaIshe Jesu, chokurovererwa. Zvino VaSprawl vaiva vakamira nechekure, vakachitarisa, ivo nemudzimai wavo, zvino, mumoyo yavo, vaitsoropodza zvaingave zviru mupfungwa yemhizha, kana kuti muvezi, waro, paakaveza kubva mudombo, chinhu chakaisvoipa kwazvo kuti chigomiririra kutambudzika nerudo nekunzwisa urombo kwaIshe Jesu, uye kuti chairatidzika kungotemwa-temwa zvakashata. Zvino mutungamiri akauya kuna VaSprawl, ndokuti, "Changamire, ndinofungidzira kuti muri kutsoropodza chivezwa ichi chaIshe Jesu."

Zvino iye akati, "Ndiri kudaro."

⁴⁹ Zvino akati, "Handisi kushamisika nepadiki pose, nokuti vanhu vakawanda vanoutarisa, kutanga, vanoushoropodza."

⁵⁰ Zvino VaSprawl vakati, "Sei, handigone kuona tsitsi kana kufemerwa pakutarisa chinhu chakaita saichocho, saka ndiri kushaya kuti sei muvezi akambobvira achiita saizvozvi."

⁵¹ “Zvino muvezi...” Akati, “VaSprawl, chivezwa ichi chakanaka, uye muvezi aiva nechinhu chakanaka mupfungwa yake. Asi pane dambudziko, ndimi. Inzira yamuri kuchitarisa nayo.” Zvino akamutora nemudzimai wake neruoko, ndokuvatungamira zasi kuartari yaiva pasi pemuchinjikwa wakataurwa uyu. Uye akati, “Zvino, VaSprawl, tarisai mudenga zvino.” Zvino paakatarisa mudenga, akati moyo wake wakapotsa wamira kurova. Waiva musiyano wakadii, kumira kure uko wochitarisa nenzira *iyoy*, nekudzika pasi woutarisa nenzira yachakagadzirwa kuti chitariswe nayo.

⁵² Zvino ndiyo nzira iri Mwari. Ndizvo zviru kutenda. Inzira yaunokutarisa nako. Kana wakazvitarisa serimwe Bhaibheri renhorondo, yechimwe chinhu chaivako mumazuva akapfuura, haumbobvira wakawana kukosha chaiko kweBhaibheri. Unofanira kuenda pamabvi ako, woteerera mirawu yeBhaibheri iri, woRitarisa nemeso eMweya Mutsvene.

⁵³ Ndingabvunza unganano ino, mangwanani ano. Mwari wenhorondo angatibatsirei nhasi kana asiri iYe Mwari mumwe chete? Angabatsireiko Mwari, wekuti Aigona kutora Mosesi ogoita minana naye iyo yaakaita, zvingatibatsirei isu kuverenga pamusoro paMwari akadaro kana Asiri Mumwe chete nhasi? Angabatsireiko Mwari aikwanisa kudzikinura vana vechiHebheru, kubva mubiravira remoto, kana Asiri Mwari mumwe chete nhasi? Angabatsireiko Mwari aigona kutonga pakati pechakanaka nechakaipa, muzuva rakare, uye orange vakaipa nokuropafadza vakarurama, kana Asiri Mwari mumwe chete nhasi? Ko tinoenderei kuchechi? Sei tichibva kuzvinhu zvenyika, kana iYe asiri Mwari mumwe chete wekutonga kumwe chete, uye nepfungwa imwe chete yaAgara ari? Zvingagobatsirei kuti Mwari aikwanisa kubata ruoko rwemudzimai aiva nefivhiri inotyisa, zvino fivhiri ndokumira, kana asiri iYe Mwari mumwe chete nhasi? Zvingagobatsirei kushumira Mwari aikwanisa kudanira shamwari yaKe kubva mubwiro, mushure mokufa kwemazuva mana, kana asiri iYe Mwari mumwe chete nhasi?

⁵⁴ Nekutenda tinotenda kuti nerimwe zuva rakabwinyiswa Vachatanidzira kubva panyika, kunyange tikava chibutwa chemadota zvakare. Tinozviratidza sei? Hatizviratidzire. Tinozvitenda. Hatidanirwe kuti tive tine chatinoratidzira. Tinodanirwa kuti tizvitende.

⁵⁵ Nekutenda Mosesi akaita *zvakati-zvikati*. Zvino Mosesi, semujaya, akatarisa nepahwindo remuzinda, kuvaranda, akaona boka rimwe chete revaranda vanosemesa, vane tsvina, vakazara madhaka vakaonekwa naFarao.

⁵⁶ Zvino Farao paakavatarisa, nevaEgipita, vaisava chimwe chinhu kunze kweboka revaranda. Ndizvo zvega zvavaigona; kungova vanhu vanokanya matope, kugadzira zvidhinha

zvemadhaka kuti zvigobatsira maguta aivakwa naFarao. Ndiyo nzira iyo vaEgipita naFarao vaitarira nayo varanda.

⁵⁷ Asi Mosesi, paaivatarisa, aiva matarisiro akasiyana ayo aiva naMosesi. Paakaona, vachipfuura nepahwindo, makomba makuru pazviso zvavo, misodzi yayirera pamatama avo, nemitumbi yavo yakakombama, akavaona sevanhu vaMwari. Haana kuvatarisa sevaranda. Akavatarisa sevanhu vakasanangurwa vaMwari.

⁵⁸ Zvino, oh, pandinotenderera, kubva kune nyika kuenda kune imwe nyika, uye kubva kune rudzi kuenda kune rimwe rudzi, ndichiparidza! Kubva pandakabuda pamasuwo etabhenakeri diki ino, inova nzvimbo yemasangano ese, isina mutemo asi rudo, isina bhuku asi Bhaibheri, isina chitendwa asi Kristu, ndakaedza kutarisa pavana vaMwari, uye pane vakarambwa, sevanhu vaMwari vakasarudzwa nekusanangurwa. Handivabvunze kuti inhengo dzeBranham Tabhenakeri. Handivabvunze kuti ndeveMethodisti, kana kuti maPresbyteriani, kana kuti maPentekosta, kana Nazarene, kana Pilgrim Holiness. Ndinongoda kutarisa pavari sevanhu vaMwari. Zvino tichiona zvavanoita nemabasa avo, kuti varanda vaIshe Mwari. Zvino moyo wangu unoshuva kuyanana navo, zvisinei kuti vane zita ripi. Ndinongoshuvira kuyanana navo. Ndinovada nekuti ndinoziva kuti vanhu vaMwari.

⁵⁹ Kana ndikaona mudzimai achidzika nemugwagwa, akapfeka rokwe refu, akagadzira vhudzi rake zvakanaka kugotsi, uye—uye akapfeka dhirezi rakadzikama; zvino ndoona mumwe mudzimai wechidiki, zvichida wezera rimwe chete, akapfeka kachikabudura; anogona kunge, pakuratidzika, akanaka zvakapetwa kaviri kupfuura mudzimai ane vhudzi refu, maererano nemaonero enyika, asi ndinotora divi nemusikana uyu akapfeka seMukristu. Kunyangwe vachimuseka, nekumudana kuti mupengo, zvakadaro, ndinotora divi rangu. Anogona kusava akanaka semumwe musikana uyu, pamutumbi, asi anoona chimwe chinhu. Nekutenda anoona Uyo Asingaoneki, Ari kutungamira hupenyu hwake.

⁶⁰ Kana ndikaona murume ari pabasa, achinzi “mudhikoni,” kana “muparidzi,” kana “mupengereki,” nekuti anoramba kuputa, nekunwa doro, nekuenda kumadhanzi, sevamwe vese, zvino odanwa kunzi “mupengereki,” moyo wangu unomunzwira. Ihama yangu, zasi mutsvina ino yeEgipita, zvinoita kuti moyo yedu ishuvire kunomumbundira toti, “Hama, tiri vafambi nevaenzi, venyika ino, uye ndinoshuva kuyanana newe.”

Mosesi aifanira kuita sarudzo, kusarudza nekutenda.

⁶¹ Vakomana vechidiki vangani vangadai vakasvetukira mukana wekuva mwanakomana wemukunda waFarao! Vakomana vechidiki vangani vangadai vakasvetukira mukana waiva naMosesi, kunakidzwa nemafaro ose nemukurumbira

wenyika, kuzova mambo weEgipita, kuva wenyika yese patsoka dzake! “Chinhu chehubenzi chakadini,” zvingadai zvakafungwa nevakomana vechidiki vemuzuva rake, “Mosesi paakasaruza kutora nzvimbo yake nevanhu vaMwari vairwadziwa nekutambudzwa.”

⁶² Sei akazviita? Nekutenda, paakasimudza meso ake, akatarisa mhiri kwemukurumbira wenyika ino. Akatarisa mhiri kwemafaro echivi. Uye Bhaibheri rakataura kuti akatsunga kutarisa kuna iYe Uyo asingaoneki, nekutenda, ndokuita sarudzo yekushumira Mwari iyeye zvisinei nezvakaitika.

⁶³ Hazvina kumboshanduka. Vazhinji vedu taigona kuenda kune chatingati chivakwa chiri nani. Tinogona kunakidzwa, zvichida, kuyanana nemufaro wekugara muzvigarozviri nane. Tinogona kuva nemukurumbira wakawedzerwa, wekunwa nekuputa, uye nekupfeka nekuzvibata senyika. Asi nyaya ndeyei? Wakasimudza meso ako, zvino nekutenda unoona uYo Asingaoneki, uye ndokumira nevakarambwa nevanodanwa kunzi vaumburuki vatsvene vanhasi. Nokuti nekutenda tinoona iYe uYo asingaoneki, tichisarudza kutambudzika nekurwadziwa.

⁶⁴ Handingati kuvanhu kuti vasarudze kurwadziwa. Handisi kuti unofanira kusarudza kutambura. Chinenge chisiri chinhu chekuti munhu angaite. Asi kana kutambura kuchinge kuri mumutsara webasa, zvino ngatikutorei pakunouya. Handidi kuti muite chimwe chinhu kuti vanhu vagoita dambe nemi. Handingadi kuti mutaure zvinhu zvakasiyana, kuti, “Ini ndiri...Ndiri nhengo yechechi isingatendi mune *zvakati nezvakati*, mune zvenyika,” uye zvinhu zvakadaro, kuti ungowana vanhu vanoita dambe newe. Uri kuzviunzira pauri. Handingati uende kunze uko wonoita chimwe chinhu chekupengereka. Handingadi kuti udaro, kuitira kuti mumwe munhu ati uri mupengo. Uri kuzviunzira izvozvo pauri. Asi kana zviri mumutsara webasa rako kuna Mwari, rega nyika itaure zvainoda kutaura. Iwe enda mberi uchirarama.

Iwe ita sarudzo. Murume nemudzimai wese anofanira kuitora iyi.

⁶⁵ Ko dai Farao akaona zvakaonekwa naMosesi? Akaona kutambura kwevanhu. Aiziva kuti zvaizova nemubhadharo waizobhadharwa. Asi nekutenda akaasarudza, panzvimbo yekuva nemafaro echivi.

⁶⁶ Pane zvichida vadiki, madzimai echidiki vagere muno, semadzimai emukurumbira. Nyika ingada kuti kwauri, “Ita *ichi neicho*. Uri tsvarakadenga. Mutumbi wako wakaumbika zvakaivonaka. Unofanira kuzviratidza.”

⁶⁷ Asi, hanzvadzi yangu, simudza meso ako utarise mhiri kwaizvozvo, kune uYo akati, “Chinyangadzo kuti mudzimai apeke hanzu yemurume.”

68 Kana varume vevanhu vemunharaunda yenyu, kana madzimai aunoyanana navo, vakati, “Gera vhudzi rako refu. Unotonhorerwa. Zvinozova *ichi, icho*, kana *chimwe*.” Kana kuti, “Zvinoita kuti uve nane.” Usateerere kuna izvozvo!

69 Iwe wakasimudza meso ako, uye nekutenda ukaona uYo akati, “Vhudzi remudzimai kubwinya kwake, zvino haachazoridimbura.”

70 Kana vakati, “Zvine mukurumbira. Unoonekwa zviri nane pabasa rako, kana nemukuru wekubasa, kana ukangonwa doru. Dai waingoputa fodya sevamwe vakadzi vese, waizopindirana zvakanaka munharaunda yako.”

71 Nekutenda simudza meso ako utarise kuna iYe uYo akati, “Ukasvibisa mutumbi uyu, Ndichauparadza.” Nekutenda tinotenda zvinhu izvozvo. Hachisi icho chaunona. Ndeicho chaunotenda. Nokutenda, Mosesi akadaro.

72 Zvino mukufamba uku kwekutenda, panosvika nguva inofanira kutorwa sarudzo.

73 Roti akaita sarudzo inosuwisa yatinoita. Nguva zhinji tinosarudza zvakinakira. Tinosarudza zvinhu zviri nane.

74 Dzimwe nguva pakaita gakava diki mukereke, zvino mumwe munhu obva ati, “Zvakanaka, mudhikoni kana mufudzi vari kudivi iri.” Usatarisa izvozvo. Tarisa kune zvakarurama. Bvisa chinhu ichocho uvaunze vese pamwe chete. Zvine humwari.

75 Pane kusarudza. Uye tinozvisarudzira pachedu. Tinosarudza chimwe chinhu chinoita kuti zvitinakire.

76 Asi Mosesi akasarudza kutambudzika nekunyadziiswa, kuitira kuti agofamba nevanhu vaMwari. Pafungei zvino. Pateererei. “Akasarudza matambudziko evanhu vaMwari, akati ipfuma huru, nokuti akatsungirira, akatarira iYe Asingaonekwi.”

Zvino, Roti, imwe nguva, aifanira kuita sarudzo.

77 Uye zvinogona kuitika kuti, mangwanani ano, kuti pachave nevarume nemadzimai vakagara pano, vachaita sarudzo yenyu yekupedzisira. Uri zvauri nhasi, nekuti makore akawanda apfuura wakasarudza kuva zvauri izvezvi. Zvino zvaunosarudza izvezvi zvinoratidza zvauchazova makore mashanu kubva nhasi. Makore mashanu kubva nhasi unogona kuva mumishinari. Makore mashanu kubva nhasi unogona kuva muKristu ane mukurumbira.

78 Kana kuti, makore mashanu kubva nhasi unogona kuva kugehena, nokuti wakaita sarudzo isiri iyo. Makore mashanu kubva zvino unogona kunge uchigeza midziyo yokusvipira mate mubhawa. Makore mashanu kubva nhasi unogona kuva chipfeve mumugwagwa.

⁷⁹ Kana kuti, unogona kuva murume kana mudzimai anoita—anoita zvakanaka kune chero vanhu, nekuda kwesarudzo yako yaKristu. Makore mashanu kubva nhasi unogona kunge wava muKubwinya, waenda muKubvutwa, nekuti waita sarudzo yako nhasi.

⁸⁰ Asi unofanira kusarudza. Zvino usatarise pane zvaunoono. Sarudza zvaunoono nekutenda. Ndicho chinhu chega chichava nebasa, icho chaunosarudza nekutenda.

⁸¹ Roti, sezvo aifanira kuita sarudzo. Abrahamu akapa Roti sarudzo yake.

⁸² Zvino Mwari vanokupa sarudzo yako. “Sarudza nhasi uno uyo wauchashumira.” Mubindu reEdheni maiva nemuti we—wezivo, neMuti weHupenyu. Munhu akapihwa kodzero yekusarudza chero waanoda. Uye ndizvo zvazviri nhasi. Unopihwa kodzero yako, senhengo dzakasununguka, kuti usarudze chero zvaunoda kusarudza.

⁸³ Yambiro yangu kwamuri, ndeyokuti, usatarise zvinhu zvechimanjemanje zvakakupoteredza, nemukurumbira nezvinoyevedza zvose zvaungava. Asi sarudza, waro, nekutenda, uYo akapa vimbiso yekuti rimwe zuva Achauya kuzogadzirisira zvose zvakakanganiswa, uye ogokupai Hupenyu Husingaperi, nekukumutsai. Zvisinei kuti watora nzira yakazvidzika nevashoma vaShe, ita sarudzo iyoyo. Kana paine madambudzo, kana paita matambudziko munyika, kana paita matambudziko mukereke, kana paita matambudziko mumba, zvisinei kuti ndekupi, ita sarudzo yako, “Nekutenda, ndichashumira Mwari. Ndichanipisa moyo wangu muHupo hwaKe. Ndichatora nzira nevana vaMwari. Ndinovaona vakazvidzwa nekurambwa, nekudzingwa nekuitwa dambe navo, asi ndichagara ndiri pamungava wangu. Ndicharamba ndiripo. Uye zvino pavanochema, ndichachema navo. Uye kana paine marwadzo, ndicharwadziwa navo. Nzira yavanorarama nayo, ndiyo yandicharama.”

⁸⁴ SaNaomi akati. . . Kana, Rute akati kuna Naomi, “Nzira dzako dzive nzira dzangu. Nzira dzangu dzive nzira dzako. Paunogara, ndichagara. Kwaunoenda, ndichaenda. Mwari waunoshumira achava Mwari wangu.” Tora sarudzo iyoyo, kunyange ichidhonza ganda kubva pahana yako, rekufunga kuti uri mumwe munhu. Zvibvise ganda utore nzira yako nevashoma vakazvidzwa vaShe, ugare wakatendeka mumunda wekushumira nepamungava wako.

⁸⁵ Roti akatarisa-tarisa. Akati, “Ndine sarudzo.” Ndokutarisa akananga Sodhoma. Akaona minda ine uswa hwakanaka kupfuura hwakaonekwa naAbrahamu, uye nekwaiva naAbrahamu. Akaona mikana yekufudza mombe dzake, kuti ave nemombe dzakakora uye dziri nane.

⁸⁶ Ndinotenda kuti handisi kurwadzisa mumwe munhu. Asi ndizvo zvakava vaparidzi vazhinji, kurerutsa Evhangeri, vachifunga kuti vachawana mari yakawanda nokuda kwazvo. [Hama Branham vanoombera maoko avo katatu—Mupepeti.] Tikiti rekudya! Ndingasva hangu ndagara munyika isina chinhu, ndodya, kunwa kubva mumhango, nekudya mabhisikiti anovava, pane kurerutsa pakugutsikana kwekutenda kwangu muShoko raMwari mupenyu. Ndichatora nzira yangu.

⁸⁷ Vamwe vavo vakati, “Billy, dambudziko ndereiko nemusangano wako, sezvo muine maPentekosti akawanda mauri.” Mumwe mushumiri mukuru wemasangano akataura kudaro.

Ndikati, “Sangano rako richabhadharira musangano wangu here?”

⁸⁸ Nguva shoma yapfuura, mumagazini re*Look*, ndinotenda, maive nechinyorwa. Zvino munyori akataura ipapo, achitaura pamusoro pevanhu vechiPentekosti. Akati, “Kereke yePentekosti ndiyo kereke iri kukura nekukurumbidza kudarika mamwe ose pasi rese nhasi.” Sei? Nekuti varume nevakadzi vasimudza meso avo ndokutarisa kumberi.

⁸⁹ Zvino munyori akarumbidza vanhu vechiPentekostiwo zvakare. Oh, ndizvowo, akati, “Pane vamwe vavo vakaenderera mukupengereka, nezvakadaro. Asi, veMethodist vanonamata chitendwa. Vanonamata Mwari nechitendwa. VeBaptisti vanoita zvimwe chete, nevePresbyteriani. Asi wePentekosti anonamata kubudikidza neBhaibheri rake.”

⁹⁰ Nekutenda tinoona vimbiso. Ndichatora mugove wangu navo, zvisinei kuti vanozvidzwa zvakadini, ndichingori mumwe wavo. Kunyange vakaitwa dambe navo, uye vaine mikwidza nekudzika kwavo, sezvakaita Israeri, handingamboda kumira nemuprofita wenhema pachikomo, Bharamu, ndoedza kutuka zvakaropafadzwa naMwari. Nokuti, mumusasa imomo mune Dombo rakarohwa, neChibairo chizere ropa, uye Shongwe yeMoto. Hazvinei kuti vari pai, iri kuvatungamirira mukukunda, uye vanofanira kusvika pakuri, nekuti ndivo vanhu vakavimbiswa vari kufamba nekutenda. Kunyange vasiri havo sangano, vaiva vanhu vaingotetereka, uye ndizvo zviri vanhu vaMwari. Asi ndinoda kutora nzira yangu navo, kubatana navo mumapoka avo; kwete musangano ravo, asi mukuyanana kwavo pazvinhu zveMweya waMwari wemunaZiendanakuenda, unova, nekutenda ndakagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Mwari ndibatsirei ndigare ndiine maonero iwayo.

⁹¹ Cherechedzai. Pavaifamba vachienda mberi, tinoona kuti Roti akaona mikana yemo—mombe dzakakora. Vazhinji vanoona mikana yehomwe dzakafuta. Vazhinji vanoona mikana yekucherechedzwa kuri nane pakati pevanhu. Akaona kukwanisika kwekuwana mamwe madhora mashoma. Akaona

mukana wekuva meya weguta. Ari muenzi, uye murume akangwara, sezvaaiva, “Zvichida ndichava mukuru weguta.” Akaona kukwanisika kwazvo nekuti zvaive zviri pamberi pake. Asi haana kuona moto waizoparadza nyika. Haana kuzviyananisa, kuti nyika iyi yaive yakazara zvivi, uye Mwari vaifanira kuiparadza.

⁹² Zvino, nhasi, vanhu vanoedza kuzviyananisa nokuti, “Iwe uri . . .?”

Ndichati, “Uri Mukristu here?”

⁹³ Vanoti, “Ndiri wemuAmerica.” Hazvimborinei nazvo sekungoedza kuudza gunguwo kuti idatya. Hazvinei nazvo. [Hama Branham vanoombera maoko avo kamwe chete zvakare—Mupepeti.]

⁹⁴ Iri kuzoparadzwa, nokuti Mwari vakarurama. Zvino kana America ikaregedzerwa nezvivi zvayo, Mwari mutsvene, akarurama anozvitonga akasungirwa ku—kumutsa Sodhoma neGomora ovakumbira ruregerero rwekuvapisa, nokuda kwezvivi zvavo; kana Akatirega tichienderera nazvo.

⁹⁵ Kana Vakakurega uchisvika Kudenga nemabasa ako asina kururama, Achatofanira kumutsa Anania naSafira ogovapa mumwe mukana. Zvirokwazvo Aitozodaro. Asi iYe akarurama. Anania akaona mari yake. Petro akaona Kristu.

⁹⁶ Oh, ini zvangu! Roti haana kuona kuparadzwa kwevana vake munzvimbo iyoyo.

⁹⁷ Vazhinji venyu, nhasi, vakabatorira pane zvitendwa zvakare izvi nezvimwe, hamuone misikanzwa yevana nekuparadzwa kwevana venyu. Hauone mwanasikana wako ari muimba yehupfeve. Hauone mwanakomana wako ari chidhakwa, kana patafura yemakasa pane imwe nzvimbo.

⁹⁸ “Nokuti akadiridzwa zvakanaka.” Zvino chivi hachiite zvekubatwa. Haana kuona mudzimai wake, mutungamiri wemasosaeti ese, achishanduka kuva churu chemunyu, paainge akatarisa. Haana kuzviona achipunyuka neburi retsono, kune kamwe kaguta kumwe kunhu, kuitira hupenyu hwake. Haana kuzviona izvozvo, nekuti aingotarisa bedzi zvaiona mberi kwake.

⁹⁹ Asi, Abrahamu, haana kucherechedza nyika yakadiridzirwa zvakanaka, nokuti akasimudza meso ake ndokuona ramangwana, nokuti aizogara nhaka kuzvinhu zvese. Mukristu wechokwadi nhasi anosimudza meso ake oona vimbiso yaKristu: “Vakaropafadzwa avo vanyoro nokuti vachagara nhaka kuzvinhu zvese. Vachagara nhaka yenyika.” Mukristu wechokwadi, nekutenda, anosimudza meso ake oona izvozvo. Mudane chero zvaungada. Akasimudza meso ake. Zvino paakadaro, Mwari vakati, “Abrahamu, famba nemunyika,

ndeyako yese.” Nekutenda, Abrahama akaita izvi; kutenda kumwe chete kwaiva naMosesi.

¹⁰⁰ Kwakanyorwa nemumwe mushamarari, akataura izvi. Ndakafunga kuti mashoko akaisvonaka. Kuti Abra-... “Mosesi akatora zvakanakisisa zvenyika ndokuzviisa pachikero; uye zvakaipisisa zvekunamata, ndokuzviisa pane chimwe chikero; zvino zvakaipisisa zvekunamata zvairema kupfuura zvakanakisisa zvenyika.”

¹⁰¹ Ndizvo zvazviri nhasi, kuti kana tikadanwa zvatingada kudanwa, “vapengereki,” kana “vapodzi vaMwari,” kana “muumburuki mutsvene,” kana chero zvavangada kudana. Kuipisisa uko kwatiri kunopfuura zvakanakisisa zvingawanikwa zvenyika. Vanoda kunzi “wechinyakare, akapusa, mupengereki.” Zvinopfuurira zvakanakisisa zvaunogona kupiwa nadhiyabhorosi. Zvinodaro zvechokwadi.

¹⁰² Mosesi akakoshesa kuzvidzwa kwaKristu. Akafanoona Kristu. Mushure akataura mamwe mashoko akafemerwa pamusoro paKe. “Munoona, Ishe Mwari wenyu achasimudza muprofitu akafanana neni.” Aiziva. AkafanoMuona, ndokukoshesa kuzvidzwa kwaKe kupfuura hupfumi nemukurumbira wese wenyika.

¹⁰³ Mukristu shamwari, nhasi, haungadaro here? Zvino nekuyevedza kwese nemukurumbira wenyika, nekutenda, tinoona iYe akavimbisa. Uye zvakaipisisa zvekereke nhasi, muchinhano chayochese, asi zvakadaro Inopfuurira zvose zvaungambopiwa nadhiyabhorosi. Kana takakanganisika, kana takaputsika kuita zvidimbu, kana takavhiringika nekusurukirwa, mumasango nekupengereka, zvinopfuurira chipi zvacho chaungambogona kupiwa nadhiyabhorosi. Zvirokwazvo.

¹⁰⁴ Akakoshesa kuzvidzwa kwaKristu kuva pfuma huru kupinda hupfumi hwese hweEgipita. Zvadaro aifanira kuita chimwe chinhu. Akasiya Egipita. Oh, ndinoda shoko iroro. Akasiya Egipita. Munoona, aitarisa kubudikidza nehwindo rimwe chete, asi aitarisa zvakasiyana naFarao. Ko dai Farao akaona magumo ake? Ko dai Farao akaona nyika yake ichinyura? Mosesi akazviona. Sei? Nesainzi? Nekutenda, Mosesi akazviona. Chinhu chese chaaita chaiva nekutenda, nekuti Mwari vakavimbisa Abrahama, baba vake, kuti Vaizo—Vaizoshanyira rudzi urwu mushure memazana mana emakore, uye vozovabuditsa. Zvino nekutenda, Mosesi akatenda Shoko rakataurwa naMwari, ndokuzviziva pachake, nekutenda, kuti aiva mutungamiri akasarudzwa kuzovabuditsa. Aiziva paaiva. Akatora nzvimbo yake mumakomba emadhaka, semukanyi wezvidhinha, ndokukoshesa kurambwa kwaKristu kuva pfuma huru pane kugara pachigaro cheutongi cheEgipita. Akatora... Haana kumbobvira ati, “Ndinovanzwira urombo.” Akatora

nzvimbo yavo ndokuenda navo! Kubwinya kuna...Akatora nzvimbo yavo. Takaenda navo.

¹⁰⁵ Ndokusaka munyori akafemerwa akati:

Ndichatora nzira nevakashorwa vashoma vaShe.

Ndatanga naJesus, zvino ndave kuenda mberi.

Ndiri munzira kuenda kunyika yeKenani.
(Chokwadi.)

¹⁰⁶ Mosesi. Zvakataurwa nemumwe kuti Mosesi aisva hake, apo paagona kunge akava mwanakomana waFarao uye aine nemukurumbira wenyika, iye aisva ava mwanakomana waAbrahama pane kuva mwanakomana waFarao. Mwanakomana waAbrahama, akazvidzika, pane kuva mwanakomana waFarao, mambo.

¹⁰⁷ Ndingasva ndava mwanakomana waIshe Jesu, nemushandi pamwe naYe, nditora nzvimbo yangu nevanhu vakarambwa wenyika ino, pane kuva Mutungamiri weUnited States of America ino huru, kana kuva mumwewo Elvis Presley, kana Pat Boone, kana chero wamungada kumuita. Ndichatora nzira yangu.

¹⁰⁸ Madzimai echidiki vanofanira kutora nzira yavo. Panzvimbo pekuva Ma—Mary Pickford, kana mumwe mutambi mukuru webhaisikopu, mumwe musikana ane mukurumbira, tora nzira yako nevakazvidzwa vashoma vaIshe.

¹⁰⁹ Ndingasva ndava muparidzi mupurupiti, ndichiparidza hupfumi husingawanike hwaKristu, pane kuva mutambi webhaisikopu wemuHollywood, kana munhu mukurusa panyika. Dai ndaitofanira kudya zvisvishoma, kupemha, kana chero chandaitofanira kuita, ndichatora nzira yangu nevanhu vaMwari. Nekutenda, ndinozviita. Ndakapiwa mukana. Asi, nyenyasha dzaMwari, ndichiri kungoona nekutenda.

Nekutenda ndinogona kuiona nekure;

Zvino Baba vedu vakamirira mhiri kwenzira,

Kunotigadzirira pokugara Ikoko.

¹¹⁰ Mumwe murume muteresi akati, rimwe zuva, “Sei wakapa imba yako kukereke iyo? Sei wakapa imba inodhura zviuru makumi maviri nemashanu emadhora kutabhenakeri inoratidzika semarara?”

¹¹¹ Ndikati, “Haisi chechi yandakazviitira. Vanhu vari ipapo.” Handina chimwe chete chezvinhu zvenyika ino. Kobiri rose randakambatora rinounzwa kukereke ino. Sei? Kutenda kwangu kuri pana Mwari, uye kwete pazvinhu zvenyika ino. Zvido zvangu ndezvekumusoro. Uye ndinovimba kuti zvenyuwo zvakangodarowo, kana muri vakanaka naMwari. Ichokwadi, kuti makadaro. Isu, nekutenda, tinogamuchira. Isu, nekutenda, tinotenda Mwari.

¹¹² Mosesi, aitofanira kuita sarudzo. Uye zvararo aifanira kuti, mushure mekuita sarudzo, aifanira kurwa nekutenda, zvararo, nokuti haana kutya hashu dzamambo. Zvino, pahunhu, aiva nekodzero yekutya hashu idzodzo. Aiva nekodzero dzekutya hashu dzamambo, asi haana. Haana kuzviita, nekuti aiva nebasa rekuita, uye aiva mumutsara webasa. Uye haana kumboita hany'a nezvakataurwa namambo pamusoro pazvo. Akangotora nzira yaKe zvakadaro.

¹¹³ Zvino, Farao, handiti, paanoona kuti akundwa, aida kupa Mosesi nevana...Akati, "Zvakanaka, ndichakutaurira zvandichaita. Imi mese chingogara munyika moenda kundopirisa kuna Mwari wenyu."

¹¹⁴ Ndiwo mashandiro anoita dhiyabhorosi. "Oh, unogona kuva wezvinamoto. Sei usingaendi kunojoinha imwe chechi? Haufanire kuita zvinhu zvese izvi." Mumwe murume anoti kumudzimai wake...

¹¹⁵ Mudzimai anoti, "Murume wangu, ndakaponeswa. Hapachisina zvekupoda, kupenda muromo nezvimwe. Hapachisina zvimwe izvi. Hapachisina zvemapati. Hapachisina izvi zvevasosaeti nezvimwe. Ndabuda kubva mazviri! Ndichapira nguva yangu pakuverenga Shoko, nekuchengeta imba."

¹¹⁶ "Zvino, tarira, mudiwa. Iwe, unogona kuva wezvinamoto, zvakakanaka. Zvino, tarira, iwe—iwe enda mhiri *uku*. Une kereke isiri iyo."

¹¹⁷ Kwete, hauna. Uri mune yakanaka. Kana uine muparidzi anokuparidzira izvozvo, unofanira kumira naizvozvo. Tsvaka uchidzoka muMagwaro uone kana zviriro izvo.

¹¹⁸ "Oh," oti, "enda *uku*. Hava—havafanire kuita izvozvo kuno uku. Maona? Havaite izvi kuno uku." Ndiyo nzira... "Chingoenda kusvika apa bedzi." Asi haadi kuti ubude munyika. Ndiyo nzira iyo dhiyabhorosi anozviita nayo. Haadi kuti ubude muzvinhu zvenyika; kungounza nyika mukati mekereke.

¹¹⁹ Rimwe zuva, ndichiuya nemugwagwa, ndakabatidza redhiyo yangu. Zvino paiva ne—nerwiyo, uye ndakaramba ndichiteerera, zvino ndaitoteerera, potse, rwiyo rwese, ndisati ndakwanisa kuziva kuti rwaiva rwiyo chairwo rwekuchechi, kana kuti dhiyabhorosi ari kuedza kuderredza zvinhu zvaMwari kuchinhano chenyika. Haugone kuita izvozvo! Mwari ngavaite nyasha!

¹²⁰ Handina basa kuti inziyo ngani dzinonyorwa naElvis Presley, panziyo dzose dzakanaka dzekuchechi. Achiri akangogarwa nadhiyabhorosi. Akatumira vana vakawanda kugehena, nemuzviitwa zvese zvandinoziva, munyika yese muzuva ranhasi. Pat Boone nevamwe vese, aiva wechurch of Christ; naElvis Presley, Mupentekosti; ndivana Judasi

Iskarioti, muchimiro chevarume ivavo. Dhiyabhorosi ari kuedza kuunza zvinhu zvakakwirira zvaMwari, kuitira kuti vagozvivhenganisa kuzasi *kuno*. Vanhu havazotarise Kumusoro, *Izvi*. Vanongotarisa *apa*, voti, “Zvakanaka, zvakangofanana.” Hazvina kumbofanana. Budai munyika.

¹²¹ Ndokuti, “Munogona kungoenda kwemazuva mashoma. Zvino moenda, mogara munyika.” Zvokwadi, aiziva kuti vaizodzoka. Zvadararo ndokuona kuti hazvaishanda, zvino akafunga chimwe chinhu chakasiyana. Akati, “Ndichakuudzai zvekuita. Imi chingobudai chero kwamunoda kuenda, asi munosiya madzimai enyu ese, vana venyu vese, nemomba dzenyu dzese, kumashure *kuno*. Zvisiyei *kuno*, zvino mobva mabuda henyu.” Nokuti, aiziva kuti vane zvinhu zvavanga vasiya kumashure ikoko, zvaizovakwezva kuti vadzoke.

¹²² Zvino ndizvo zvaunoutaurirwa nadhiyabhorosi. Chero bedzi uchingosiya zvimwe zvinhu zvenyika zvakaremba pauri, uchiri kuda kuputa, unoda kunwa, unoda kupfeka senyika, zvinongoenderana nezvinodiwa nadhiyabhorosi.

¹²³ Ndinonzwa zvakawanda pamusoro pekudzokera kumashure. Handifunge kuti pane kudzokera kumashure kwakanyanya sezvinofungwa nevanhu. Vanongosiya hupfumi hwakanyanya muEgipita kuti ugovakonzero kuti vadzoke, ndizvo zvega. Kudzokera kumashure handi kwavanoreva kuti ndiko. Wakasiya zvakanyanya zvenyika shure uko, zvinokudzosa.

¹²⁴ Hama, rega ndikuudze, Israeri payakagadzirira, pakati peusiku, vaiva nezvose zvavaiva nazvo panyika pano, zvakarongedzwa nekugadzirira kuenda.

¹²⁵ Mwari titumirei rumutsiriro rwakadararo. Tinorongedza zvinhu zvese, nekugadzirira kuenda. Kudanidzira kwemanheru kuri kuuya, “Budai muende kunosangana naYe.” Ona kuti warongedza zvinhu zvese. Usatombova hako nechinhu, panyika pano, chinokukwezvera shure, netambo dzinokudhonzero pasi. Rongedza. Ngatigadzirirei. Tiri kuenda.

¹²⁶ Uye munozivei? Rega ndikuudze, vaiva vakatendeka zvakanyanya kuna Mwari, kusvikira Farao akaita manyawi pakati peusiku, akati, “Budai! Budai, muende. Torai zvese zvamuinazvo, muende!”

¹²⁷ Ndinofara kwazvo kuti munhu anogona kurarama pedyosa naMwari, kusvikira dhiyabhorosi haazive zvekuita naye. Ndizvozvo. Buda! Enda! Teerera Mwari!

¹²⁸ Nokutenda, akaona vimbiso. Mukanyi wemadhaka, kana kusava mukanyi wemadhaka, akatora nzira yake nevakazvidzwa vashoma vaShe. Farao akati, “Torai zvese zvamuinazvo mubude muno! Handizive kuti ndoitei nemi.” Aiva akanyatsa kutendeka kunaMwari, nekutenda.

129 Kutenda kunoita minana, kana ukaramba wakatendeka kuna Mwari. Nekutenda, tinoVaona.

Nguva yedu yaperu; nguva dzapfuura.

130 Asi, nekutenda, mangwanani ano, simudza meso ako. Usaone zvakanakomberedza, nyika ino yechimanje-manje, asi tarisa uone uYo Akapa vimbiso. Bhaibheri rakati, “Hatione zvinhu zvese zvakanakwana zvino, asi tinoona Jesu.” Iwe Mutarise, mangwanani ano, uye nzira dzako dzichashanduka.

131 Tichikotamisa misoro yedu, kwechinguvana, kuitira shoko remunamato. Dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo kuMharidzo.

132 Funga mumoyo mako zvino. Wanga uchitarisa pazvinhu zvenyika here? Nekutenda, unoona Jesu here? Uri kutarisa pamukurumbira wako here, kereke yako? Chinhano chako chemagariro chakadini kune nyika? Kana kuti, unoona here Jesu uYo, mukunzwiswa tsitsi, akaZviisa kuruoko rwekurudyi rweHumambo weKumusoro, Akauraiwa nekuda kwekunamata, akarurama kuitira vasina kururama? Haukwanise here kusimudza meso ako uone uyo Muti weHupenyu uri mhiri? Zvino, chisiya muti uyu wesainzi nezivo, uMushumire.

133 Ungada kurangarirwa mumunamato here ndisati ndanamata? Simudza ruoko rwako, pane chikumbiro chipi zvacho chaungava nacho. Mwari vakuropafadzei. Vanoona ruoko rwenyu mese.

134 Kana uri mutadzi, simudza meso ako utarise zvino. Kana wanga usina hany’a, kana wanga uine gakava diki nezvimwe zvinhu zvidiki, zvine musiyano wei? Uri kuzofa rimwe remazuva ano. Zuva ripi? Kuda nhasi! Hauzive. Awa imwe chete kubva zvino, unogona kuva mugehena, kana kuti unogona kuva Kudenga. Asi unofanirwa kusarudza izvezvi. Kana paine chero chinhu muhupenyu hwako chisina kururama, iwe sarudza izvezvi, nekutenda.

135 Unoti, “Zvakanaka, kana ndikangogona kutsiva mukadzi uyu! Dai ndikatsiva murume uyu!” Hazvina basa kuti vaitei, sarudza Hupenyu. Sarudza Hupenyu.

136 Nokuti, Jesu wakati, “Kana kubva pamoyo wako ukasaregerera munhu wese kuipa kwake, naizvozvowo Baba vako veKudenga havangakuregerere.” Saka chingoswederu pedyo saizvozvowo. Kana paine chigumbu mumoyo wako kune mumwe munhu, mutadzi kana mutsvene, uri munjodzi yemoto wegehena.

137 Zvino simudza ziso rako. Unoonei, muvengi wako? Kana kuti, unoona Muponesi wako? Wakatarisei mangwanani ano?

138 Kana uchirwara, uye chiremba wako anoti haugone kupora, simudza meso ako, kumuchinjikwa, apo paAkakuvadzirwa kukanganisa kwedu, nemavanga Ake takapodzwa. Usatarise

zvinotaurwa nachiremba; ari kushanda nesainzi. Kutenda kunoshanda muchiyero cheMweya naMwari. Ngatifungei pamusoro pezvinhu izvi zvino makasimudza maoko enyu. Mwari vamaona.

Ngatinamatei.

¹³⁹ O Mwari veKusingaperi, murunyararo rwekunamata uku zvino, mushure mekunge Mharidzo yaenda mberi, musarega mbeu idzi dzeShoko reNyu, Ishe, dzichiwira paruware. Musarega Mharidzo, Ishe, ichiwira murukato, minzwa, kuitira kuti zvido zvehupenyu huno (saRoti) zvizoidzipa, pamagumo, izova inoraswa. Asi, O Mwari vakaropafadzwa, iitei iwire pavhu rakanaka, rakaorera, pamoyo iri kutendeuka. Uye pane wanguwo, zvakare, Ishe, kuitira kuti tose titarise nemugirazi raMwari rekutarisa, toona Kereke yakarambwa yaIshe Jesu, vanhu vakarambwa, nzira yakarambwa, uye dai tafamba munzira iyi yakabwinyiswa.

¹⁴⁰ SaMosesi, aisaziva kwaaienda. Vanhu vaisaziva kwavaienda. Vaisaziva nzira yekuenda nayo. Vakangotanga.

¹⁴¹ Zvino, O Ishe Mwari, apo rwiyo rwakanaka urwu rwuri kuridzwa, nekutenda tinoona Nyika iyi nekure. Ngazvive iko zvino, kuti varume nevakadzi vari muno havazombofunga zvichazotaurwa nenyika, kana kuti vanozodini. Dai vakangosimuka mumweya wavo, voenda.

¹⁴² Mosesi akatevera Chiedza, Chikamutungamirira kunyika yechipikirwa. Asingazive kwaaienda, asi akangofamba muChiedza, kune nyika yakanakisa kukunda zuva.

¹⁴³ Itai, Ishe, nhasi, kuti vazhinji muno vagofamba muChiedza cheRugwaro nemukuwadzana kweMweya Mutsvene, uye neKereke; Kereke, Dangwe, vacheche vachangozvarwa vakagamuchira Kristu, vakazadzwa neMweya Mutsvene, vachitungamirwa neMweya. Dai tafamba mukuyanana uku, pamwe chete, pazvinhu zvaMwari, tichiMushumira murubhabhatidzo, mukuteerera kurufu rwaKe, kuvigira, nekumuka. Dai taMushumira mukuraira kwaKe, “Mirirai paJerusarema kusvikira mapiwa Simba kubva Kumusoro.” Dai taMushumira mukupodza kwaMwari, kunamatira vanorwara. Dai taMushumira pachirairo, kudamburwa kwechingwa, nemoyo mumwe, kuyanana paShoko raMwari. Dai taMushumira muzvinhu zvaKe zvese zveHumwari, kusvikira Nyika yacho yave kuoneka. Zviitei, Ishe. Inzwai munamoto wedu, patiri kukumikidza zvese kwaMuri zvino, nemuZita raIshe Jesu.

¹⁴⁴ Zvino takakotamisa misoro yedu, chinyararire, zvishoma nezvishoma, ngatingoimbai rwiyo urwu. Zvino uku ndiko kunamata. Mharidzo yaperi. Ngapashaye anobuda. Chingonyararai. Ngatinamatei.

¹⁴⁵ Mharidzo ndiyo inogadzirisa. Fungai zvino pane zvawakaita, zvawaifanira kunge wakaita, zvakakuita zvauri nhasi. Chinoita kuti upomerwe, nhasi, ndechekuti wakaita chimwe chinhu nezuro. Chichavei mangwana? Chigadzirise nhasi, uye uchasunungurwa mangwana. Maona? Unofanira kuita sarudzo. Ungazviita sei? “Nekutenda, ndava kuregedzera zvese. Ndave kuregedzera, uye rimwe zuva ndiri kuenda mhiri Ikoko.”

Mune rinotapira gare-gare,
Tichasangana pane aya akana- . . .

Chingonamata Ishe mumweya wako zvino.

Mune rinotapira gare-gare,
Tichasangana neKereke iya yakazvidzwa.
(Zvakaoma, asi tichasangana rimwe zuva.)

Kuna Baba vedu vakapfuma vari kumusoro,
Tichapira rukudzo rwedu rwekurumbidza,
Nokuda kwechipo chinobwinya cherudo
rwaVo,
Nemaropafadzo anokomborera redu . . .

Nevashoma vaShe vakazvidzwa, nekutenda, ndinosarudza.

Mune rinotapira (mune rinotapira) gare . . .
(gare-gare)
Tichasangana pamahombekombe
akaisvonaka; (gare-gare)
Mune rinotapira (mune rinotapira) gare-gare,
Tichasangana pamahombekombe
akaisvonaka.

Kune Nyika iyo . . .

ChingoMunamatai. Uku ndiko kunamata.

. . . kutenda ndinogona kuona,

Nekutenda ndinoita sarudzo yangu.

Oh, Baba vakamirira . . .

¹⁴⁶ Ndinoona vose vaIshe mhiri Ikoko; Hama George, Hama Seward, vatsvene vose.

. . . isu nzvimbo yekugara Ikoko. (Hongu, Ishe!)
Kutapira . . .

¹⁴⁷ Baba vake, Howard, Edward, shamwari dzose dzitsvene dzakatora Nzira, kumashure uko, nguva refu yapfuura.

Mune rinotapira (Hongu, Ishe!) gare-gare
(gare-gare),
Tichasangana pamahombekombe
akaisvonaka.

Tichaimba pane iwayo akana- . . . (O Mwari!)
Nziyo dzinonakidza dzevakakomborerwa,
(Kubwinya kuna Mwari!)
. . . hakuchazova nekurwadziwa,
Hapana kufemereka nokuda kwemaropafadzo
eiyo Nzvimbo yezororo.
Mune rinotapira, rinotapira gare. . . (gare-
gare)
Tichasangana pamahombekombe akana- . . .



NOKUTENDA, MOSESI SHO58-0720M
(By Faith, Moses)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 20 Chikunguru, 1958, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org